



Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY KOMISÈ DEPATMAN TRAVAY LA LÒD POU LI ÒGANIZE YON ODYANS PIBLIK SOU ORÈ ANPLWAYE A YO

Odyans Depatman Travay la yo pral Mande Popilasyon an pou yo bay Komantè sou Règleman Potansyèl pou yo ka Bay yo Orè ki Previziv

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Komisè Travay la lòd pou li pwograme odyans piblik sou enkyetid ki genyen konsènan orè anplwaye yo. Depatman Travay Eta New York la (New York State Department of Labor) pral òganize odyans pou mande popilasyon an pou yo bay kòmantè sou kijan pou yo reponn a sa yo konn rele orè “jis a tan” (“just-in-time”), “lè yo rele yo vin travay san se pat orè yo” (“call-in”), oswa “orè de sèvis” (“on-call”) pratik abityèl sa yo ki pèmèt anplwayè yo pwograme oswa anile orè sèvis travayè yo jis kèlke èdtan avan oswa menm aprè orè yo kòmanse. Sa afekte travayè k ap travay nan magazen vant an detay yo oswa lòt sektè sèvis yo epi ki ka koute yo anpil èdtan ak peyman yo te deja genyen an bidjè a pou sa.

Pratik sa yo souvan kite travayè yo ap monte desann chache gadri pou timoun yo epi fòse yo rate randevou yo, kou lekòl yo oswa lòt angajman enpòtan yo genyen anvè fanmi yo. Yon fwa yo finalize pwoteksyon orè sa yo, yo pral aplike yo toupatou atravè eta a.

“Odyans sa yo pral ede gide nou pandan n ap elabore pwoteksyon sansib pou ofri Nouyòkè yo yon orè travay ki jis epi ki previzib”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sa pral bay gason ak fanm k ap travay di yo yon platfòm pou fè tandè vwa yo, epi pèmèt nou pran yon lòt pa anvè yon New York ki pi jis, pi solid pou tout moun.”

Avan yo fè vanse règleman yo de fason fòmèl, Depatman Travay Eta New York la pral mande travayè ak pwofesyonèl endistri yo pou yo bay opinyon yo sou kijan pou nou pi byen asire travayè yo ka pi byen prevwa orè yo epi peye yo lè yo al travay nan kad pratik orè jis atan/de sèvis yo.

Orè pou odyans piblik la repati konsa:

- Jedi, 28 Septanm nan Albany
- Madi, 17 Oktòb nan Vil New York
- Jedi, 26 Oktòb nan Binghamton
- Madi, 14 Novanm nan Buffalo

Depatman an pral pibliye yon avi k ap idantifye lè ak lokalite espesifik odyans lan yo pral fèt la.

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te di “Pi gwo resous Eta New York la genyen se travayè devwe k ap travay di nou yo, epi nou dwe fè tout sa nou kapab pou nou pwoteje yo. Gen amelyorasyon nou ka fè pou nou pote yon degre ekitabite ki pi elve nan pratik orè nou yo san nou pa penalize biznis k ap kreye djòb enpòtan k ap devlope ekonomi nou an. Se yon etap enpòtan nan efò pou nou jwenn yon balans lè nou tande vwa popilasyon an”.

Byenke endistri tankou magazen vant an detay yo te toujou ap akomode travayè ki chwazi travay atan pasyèl akòz de lòt obligasyon yo genyen yo, oswa pou siplemante revni yo depi byen lontan, pifò travayè nan mendèv atan pasyèl kounye a yo ta prefere travay plis pase valè èdtan yo pwograme pou yo travay la yo. Pafwa yo rele moun sa yo, travayè atan pasyèl envolontè, yo ta prefere gen anplwa atan plen, men yo ap travay atan pasyèl paske yo redwi valè èdtan yo oswa yo pa kapab jwenn travay atan plen. Akonte out 2017, 5.3 milyon Ameriken te gen travay atan pasyèl pou rezon ekonomik. Magazen vant an detay yo, sèvis manje ak konstriksyon konte pou apeprè 40 pousan nan tout travay atan pasyèl envolontè nan peyi a.

Pou nou rete konpetitif, anpil anplwayè sektè sèvis yo ap transfere risk biznis yo - tankou chanjman sanzatan nan demann kilyantèl yo - soti nan bilan finansye yo rive nan salè fèb anplwaye ki travay alè yo. Kèk anplwaye itilize lojisyèl sofistike pou kreye orè travay jis atan yo nan yon fason otomatik, sa k ap redwi depans mendèv yo lè yo pwograme anplwaye yo nan dire 15 minit ki reflete lè gen anpil ak lè pa gen anpil demann yo. Anplwa ki itilize lojisyèl pou kreye orè yo trete travayè yo kòm nonm antye nan yon algoritm, sa k ap pèmèt anplwayè yo adapte kantite anplwaye ki disponib nan tan reyèl yo, rele travayè yo pou yo ka satisfè demann kliyantèl sanzatan, epi voye yo lakay yo bonè lè pa gen twòp lavant nan magazen yo. Kòm konsekans, anplwaye a ap travay ep valè èdtan ak revni li ka varye depandan de semèn lan, sa k ap vrèman gen enpak sou kapasite l pou l peye lwaye, ale lekòl, epi pran swen fanmi li.

Depatman Travay Eta New York la egzije aktyèlman pou yo peye anplwaye yo yon minimòm lè yo prezante yo nan lye travay yo paske anplwayè yo te mande yo pou yo vini, menm si anplwayè a imedyatman voye retounen lakay yo kou yo rive nan travay la. Sa depase egzijans Lwa Federal sou Estanda Mendèv Ekitab la (Fair Labor Standards Act), ki garanti yon salè minimòm pou tout èdtan yon moun fè ap travay ak peyman pou tan siplèman apre 40 èdtan travay nan yon semèn. Travayè yo garanti peyman nan kad règleman New York l ayo, ki gen ladan tankou 2 milyon travayè nan endistri ak pwofesyon tankou sèvis magazen vant an detay ak sèvis manje yo, gen dwa pou yo resevwa peyman lè yo rele yo vin travay san se pat orè yo oswa “peyman jis paske yo vini” (“show-up pay”) lè yo vini nan travay epi yo voye yo tounen lakay avan oswa nan fen lè yo te pwograme pou yo te travay la paske yo pa bezwen yo ankò. Yo egzije pou peyman lè yo rele moun vin travay san se pat orè yo dwe vo omwen kat èdtan, oswa valè èdtan ki nan orè regilye yo a, kèlkeswa sa ki pi piti a, apati to salè èdtan minimòm debaz la.

Stuart Appelbaum, Prezidan Sendika Retail, Wholesale & Department Store la, te di, “Orè de sèvis yo devastan pou travayè k ap travay nan magazen vant an detay yo. Ou bezwen mete lavi w sou poz pou w ka disponib pou w al nan travay - kèlke swa si y ap rele w lè w pa pwograme oswa si y ap peye w. Si ou se yon travayè atan pasyèl, ensètitud orè ou a vle di ou pa ka fè aranjman pou yon dezyèm travay ou bezwen. Si ou se yon paran, ou pa konnen si w ap bezwen gadri pou timoun ou. Si w vle kontinye al lekòl, ou pa ka enskri pou kou yo san w pa konnen lè w ap disponib. Jodi a, mezi Gouvènè Cuomo ap pran yo pral ede kreye yon lòt kouch pwoteksyon pou travayè yo epi asire travayè yo gen plis kontwòl sou pwòp lavi yo ak kapasite pou yo fè lajan”.

Ted Potrikus, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Konsèy Magazen Vant an Detay Eta New York la (Retail Council of New York State,) te di, “Gouvènè Cuomo vle asire travayè yo ka atenn estabilite pèsònèl ak ekonomik yo bezwen, epi an menm tan, l ap fè vanse klima biznis eta a vè lavan. Byenke li se yon defansè solid pou travayè toupatou atravè eta a yo, Depatman Travay li an ansanm ak li, te pran anpil prekosyon pou yo tandè manm Konsèy Magazen Vant an Detay la nan yon fason konstriktif pandan nou t ap diskite sou kijan nou ka pwoteje anplwaye yo kont orè enprevizib. Mwen remèsye li pou sa epi mwen atann pou yon chemen pèmanan, reyisi vè lavan pou travayè ak pwopritè magazen vant an detay toupatou atravè New York la yo”.

Kathryn Wylde, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral pou Partnership for New York City, te deklare, “Nou aplodi pwosesis Gouvènè a pral itilize pou l reyini anplwayè yo ak reprezantan travayè yo pou yo drese yon solisyon sansib ki jis ki ka aplike atravè tout eta a nèt, pou reponn a pwoblèm inegalite nan milye travay yo.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418